Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм и Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 103 (2330) Махуэку, сентябрым и 7-м 1944 гъ. И уас. кI. 20

2-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэр ебгъэрыкIуэхэри, сентябрым и 6-м къащтащ **Нарев** псым деж немецхэм я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэнышхуэу щыта город икIи крепость **Остроленка.**

Верховнэ Главнокомандующэм и приказ

Армиям и генерал ЗАХАРОВЫМ

2-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэр ебгъэрыкIуэхэри сентябрым и 6-м къащтащ город икIи крепость **Остроленка**—Нарев псым деж немецхэм я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэн хуабжьу щытар.

Город икIи крепость **Остроленка** къэщтэнгъэм щхьэкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфIхэр къэгъэлъэгъуахэщ генерал-полковник **Горбатов**, генерал-полковник **Гришен**, генерал-майор **Чуваков**, майор **Урбанович**, генерал-майор **Терентьев**, генерал-майор **Кузнецов**, полковник **Абилов**, генерал-майор **Кубасов**, полковник **Греков**, генерал-майор **Слиц**, полковник **Веревкин**, полковник **Коновалов**, генерал-майор **Кириллов**, полковник **Тарасов**, полковник **Михалицин**, генерал-майор **Никитин**, генерал-майор **Гаспарян**, сымэ я дзэхэм; генерал-лейтенант **Сокольский** артиллериям и генерал-лейтенант **Семенов**, полковник **Дергач**, полковник **Михно**, полковник **Милофеев**, полковник **Рощин**, полковник **Корычко** сымэ я артиллеристхэм; полковник **Апарин**, полковник **Рассказов**, полковник **Дагилис**, подполковник **Зирка** сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-полковник **Вершинин**, авиациям и генерал-майор **Гетман**, авиациям и генерал-лейтенант **Осипенко**, полковник **Смоловик**, подполковник **Казаченко**, майор **Бершанская** сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-майор **Жилин**, полковник **Шитиков**, полковник **Арцишевский** сымэ я саперхэм; связыдзэхэм я генерал-майор **Мишин**, полковник **Хильченко**, капитан **Нырков**, капитан **Заичко**, капитан **Борисов** смыэ я связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, город икIи крепость **Остроленка** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэу нэхъ щапхъэфI къэзыгъэгъэлъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Остроленскэхэщ“** жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, сентябрым и 6-м сыхьэт 21-м деж ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр город икIи крепость **Остроленка** хуит къэзыщIыжа 2-рей Белорусскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм—топищэрэ тощIрэ плIырэр пщыкIутIрэ зэдэухэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщIэлъ дзэхэу **Остроленка** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр.**

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэм щIэзэухэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Сентябрым и 6-м 1944 гъэм.

ВКП(б)-м и обкомымрэ Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ Знамя зыIэпахыр IэрылъхьэныгъэмкIэ

ВКП(б)-м и обкомым и бюромрэ Облсоветым и исполкомымрэ сентябрым и 6-м 1944 гъэм ящIа постановление

1. ВКП(б)-м и обкомымрэ Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ Знамя зыIэпахыр Iэрылъхьэн ахъшэ премикI щIыгъуу—ав устым и 1-м 1944 гъэм хуэзу колхоз Iэщ хъуныгъэм зыкъегъэIэтыныгъэмкIэ областной социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа колхозхэм.

а) Краснэ Знамя зыIэпахымрэ сом мини 10 хъууэ **япэрей премиямрэ** етын **Черкесскэ районым** щыщ **„Заря труда“ колхозым**—Iэщ хъуныгъэм зегъэубгъуныгъэмкIэ государствэннэ планыр зыгъэзэщIам: шыхэмкIэ—проценти 101, IэщышхуэхэмкIэ—проценти 106, мэлхэмкIэ—процент 300, кхъуэ анэхэмкIэ—проценти 116 икIи жэм къэсыхункIэ шэ литрэ 1050 къыщIэзышам, гъэш хэкIхэмкIэ къэралым етын хуей псорикI езытам икIи мэкъумылэхэр гъэхьэзырыныгъэмкIэ планым щIигъуу зыгъэзэщIам;

б) Краснэ Знамя зыIэпахымрэ сом мини 7 хъууэ етIуа нэрей премиямрэ етын **Кувинскэ районым** щыщ **КировкIэ зэджэ колхозым**—IэщышхуэхэмкIэ государственнэ планыр проценти 107, мэлхэмкIэ—проценти 116, кхъуэ анэхэмкIэ—проценти 136 зыгъэзэщIам икIи жэм къэсыхункIэ шэ литрэ 870 къыщIэзышам, гъэш хэкIхэмхIэ къэралым етын хуей псорикI езытам икIи мэкъумылэхэр гъэхьэзырыныгъэмкIэ планым щIигъуу зыгъэзэщIам.

2. Облзом и зав. т. Королев и пщэ илъхьэн „Заря труда“ колхозым—сом мини 10, КировкIэ зэджэ колхозым—сом мини 7 яхуигъэхьыну, Iэщ хъуныгъэм зегъэубгъуныгъэмкIэ государственнэ планыр гъэзэщIэныгъэмкIэ текIуэныгъэфIхэр къэзылъэща Iэщым пылъ колхозхэтхэм прему иратыным щхьэкIэ.

3. Iэщ хъуныгъэм зегъэубгъуныгъмкIэ государственнэ планыр гъэзэщIа хъунымкIэ фIыуэ лэжьахэу къэлъытэн Черкесскэ районым щыщ „III-рей Интернационал“, Икон-Халковскэ районым щыщ „Комсомолец“, Кувинскэ районым щыщ „Карл МаркскIэ“ зэджэ колхозхэр.

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь
П. ДЗАРАГАЗОВ

Облсоветым и исполкомым и председатель
М. ДОРОХОВ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 5-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 5-р екIуэкIыхункIэ ТАРТУ городым и ищхъэрэIуэкIэ ди дзэхэм зызэпырагъэгъэащ пехотэрэ ганкрэ зэщIэту бийм къыгъэкIуэ атакэхэм икIи абы и цIыху къарумрэ техникэмрэ хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ирахащ.

ЛОМЖА городым и ипщэ-къухьэпIэIуэкIэ ди дзэхэм къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц ин ВЫШКУВ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ къуажи 150-мрэ щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу УСЬНИК, КЛЕЧКОВО, ДЗБЕНИН, ЛАВЫ, ЖЕКУНЬ, КАМЯНКА, ЛИНЯНКА, ГОВОРОВО, КУНИН, НУРЫ, ВИЛЦЕНТОВО, ПОПЛАВЫ, ГРАБУВЕК, ЗАТОРЫ, ПОПОВО, КОСЬЦЕЛЬНЕ, гъущIгъуэгу станцхэу ЖИЗНОВО, КУРНЕ, ПАСЕКИ, ДАЛЕНЕ, участкэ заулхэм деж ди дзэхэр бгъэдыхьахэщ НАРЕВ псым.

Фронтым и адрей участкэхэм разведчикхэр мэплъакIуэхэр.

Сентябрым и 4-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэтыракъутащ немецкэ танк 44. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 21 къыраудыхащ.

Сентябрым и 6-м и оперативнэ сводкэ

2-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм сентябрым и 6-м ебгъэрыкIуэхэри къащтащ НАРЕВ псым деж немецхэм я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэн пункт мыхьэнэшхуэ зиIэу щыта—город икIи крепость ОСТРОЛЕНКА.

ОСТРОЛЕНКА городым и и щэ лъэныкъуэмкIэ ди дзэхэм къанэ щымыIэу бийр ирагъэкъэбзыкIэщ НАРЕВ псым и къуэкIыпIэ псыIуфэ лъэныкъуэм икIи абы щыгъуэм къащтащ къуажэ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ станция ОСТРОЛЕНКА къуажэхэу КРУШЕВО, ХЕЛТЫ, ЖОНЬСНИК, СОКОЛОВА, ЗАМБСКИ, КОСЬЦЕЛЬНЕ, ПОНИКЕВ, ПСАРЫ.

ПРАГА и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм контратакэ ирагъэкIуэкIам къыхэкIыпIэ, я позицияхэр нэхъыфI ящIащ. Волонин городу, зым IэрыкIмэ зым Iэрыхьэу щытар, оргуэру ди дзэхэм къащтэжащ.

РУМЫНИЯМ ди дзэхэр ипэкIэ кIуэтащ, къащтащ городхэу КЫМПУЛУНГ (БРАШОВ и ипщэ-къухьэпIэIуэкIэ), КАРАКАЛ, АЛЕКСАНДРИЯ, ЗИМНИЧЕ, нэгъуэщI къуажи 100-м щIигъуикI, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу АЛБОТА, МУГУМШТИ, КОСТЕШТИ, БОБАНЕШТИ, СТРЫМБЕНЫ, РЫКА, СУРДУЛЕШТИ, КАЛЕНДЕРУ, ПЕРСТУ, СУХАЯ, гъущIгъуэгу станцхэу СУСЕНИ, КОСТЕШТИ, БУРДЯ, МИРОШИ, БАЛАЧИ, БЕУКА, ПАПА, ПЕРЕТУ, БУЗЕСКУ, ЦЫГАНЕШТИ, СМЫРДЕАСА, ШОЙМУ, УЛМУЛЕЦ. Ди дзэхэм абхуэдэ къабзу къащтащ город ТУРНУ-СЕВЕРИН абыкIэрэ бгъэдыхьахэщ Румыниямрэ Югославиямрэ я щIыр здызэпылъым.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр.

Сентябрым и 5-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежикI зэтыракъутахэщ немецкэ танк 17. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 32 къыраудыхащ.

Къэралым гъавэр етыныгъэр нэхъри щIэгъэхуэбжьэн

Август мазэм и графикыр госпоставкэмкIэ Хьэбэз районым игъэзэщIакъым. Икон-Хьэлъкъ районым и колхоз куэдхэмикI графикыр ямыгъэзэщIу къэнащ. Абхуэдэщ Кувинскэ, Кировскэ районхэм я Iуэхур зытетыр.

Мазэ блэкIам хуэду иджырикI зэрыIуэ машинэхэр лажьэхэкъым. Ахэр куэдрэ къутэныгъэм къыхэкIкIэ, куэдрэ къоувыIэхэр. ТракторхэрикI мэкъутэ зэпытыр. МТС-хэм я директорхэм иджырикI зыгурагъэIуахэкъым абыхэм къалэнышхуэу ябгъэдэлъхэр зэрыIуэ машинэхэр зэпычыгъуэ ямыIэу лэжьэныгъэмкIэ. Мастерской къэзыкIухьхэр къызэрагъэпэшауэ щыт пэтмикI, ахэр фIыуэ лэжьэныгъэр къызерагъэпэщакъым. Машинэ, трак орхэр здэкъутэм ахэр псынщIу нэсхэу щытхэкъым. И чэзум деж хуэфэщэну дыIэпыкъуэгъур иратхэкъым.

Ди областыр гъавэр къэралым етыныгъэмкIэ къыкIэрохур. А къыкIэрыхуныгъэр псом янэхъапу зилажьэр ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа щыщIагъэхэращ. Иджырэ къэсыхункIэ мыIуауэ щылъщ машинэ простойхэмкIэ паупщIа щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэм я зэхуэдитIыр.

Псом хуэмыдэжу Iуэныр Икон-Хьэлъкъ районым щабу щокIуэкIыр. Iуэну ягъэува комбайнэхэм щыщу лажьэр зы—тIущ. Адрейхэр махуэ Iуэмэ-етIуанэрей махуэм мэкъутэхэр, нэгъэсауэ ремонт ямыщIыжыныгъэм къыхэкIкIэ.

Мы районым щыщ „Красный Октябрь“ колхозым гъавэр къэралым етыныгъэмкIэ хуабжьу къыкIэрохур. Ар къыщIыкIэрыхур, и чэзум деж гъавэр къэралым щIырамытымкIэ нэхъапу зэран хъууэ щытыр зэрыIуэ машинэр зэкIэлъыкIуу мылэжьэныгъэращ.

Госпоставкэм и планыр гъэзэщIэныгъэр — государственнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэщ. Гъавэм — фронтыр, Родинэр хуэйщ бийм псынщIэу текIуэным щхьэкIэ. ЕхъулIэныгъэ хэлъу кIуатэ Краснэ Армия лIыхъужьым и кIуэтэныгъэр дэIыгъын хуейщ.

Болгариям и правительствэм хуэгъэзауэ Советскэ Правительствэм и Нотэ

Сентябрым и 5-м 1944 гъэм пщыхьэщхьэм сыхьэти 7-м деж СССР-м и Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ народнэ Комиссар В. М. Молотов Советскэ Правительствэм къалэн къызэрыхуищIам ипкъ иткIэ СССР-м щыIэ Болгариям и лIыкIуэ И. Стаменов мы къэкIуэну Нотэр Iэралъхьащ:

„Илъэсищым щIигъуащи Болгариер пщIы хэмыуэжу Германиям дэIэпыкъур Советскэ Союзым къезэуэныгъэмкIэ. Советскэ Правительствэм къытугъыIуэт Болгариям хуэдэ къэрал цIыкIур Германиям и дзэ къарухэм зэрыпэщIэмыувэфынур, Германиям Европэр псорикI иIыгъыу щыщыта зэманым щыгъуэ. Советскэ Правительствэм абхуэдэ щытыкIэр ишэчт. Советскэ Правительствэм ишэчащ Болгариям и унафэщIхэр немцехэр Къырым къикIыжыныгъэм дыIэпыкъуу зэрыщытахэр икIи Советскэ Союзым и ипщэ лъэныкъуэм хьэлэч щащIа германскэ дзэхэм къащIэнахэм сэбэп зэрахуэхъуар ахэр псэууэ къызэтенэным щхьэкIэ.

Ауэ, мыгъэ гъэмахуэм Германиям и дзэ къарухэм я Iуэхур екIакIуу хуежьащ. КъуекIыпIэ лъэныкъуэмкIэ советскэ дзэхэм къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ Францием деж къытIысыкIа союзникхэм я дзэхэм Iэдэм даубыдэри, Германиям и Iуэхур хьэлэч хъуащ икIи абы и дзэ къарухэр хьэлэч ящIауэ, фронт псом дежикI отступать ящIыр. Германиям къэгъэзэж имыIэу Италиер фIэкIуэдащ. Германиям фIэкIуэдащ Францияр. Абы и ужькIэ Германиям къыкIэрыхуащ Румынияр. Финляндиям хуэдэ къэрал цIыкIурикI къыкIэрохур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы елъагър, ди япэкIэ Германиям щытыкIэфI хуиIэныгъэм къэралыр кIуэдыныгъэм зэрыхуишэр.

Германиям къыщыщIыпур къыщыщIащ. Къэгъэзэж имыIэу Германиям зауэр фIахьэхуащ.

Абхуэду, Iуэхум зыщигъазэм щыгъуэ ущыгугъынкIэ хъунут, Болгариям къигъэсэбэпыну мы момент хьэлэмэтыр, икIи Румынием, Финляндиям яужь иту германскэ политикэм щIэкъуу щытыныгъэр хыфIидзэну, Германиям щытыкIэ лъэпкъ хуимыIэжу демократическэ къэралхэм я антигитлеровскэ коалициям гухьэну.

Абхуэду щыт пэтмикI болгарскэ правительствэм иджирикI Германиям щытыкIэфI хуиIэныгъэр хыфIидзэкъым, зауэм хэмыткIэ зэджэ политикэм хуэдэр ирегъэкIуэкIурэ, абыкIэрэ Германиер Советскэ Союзым къезэуэныгъэмкIэ занщIу дыIэпыкъуэгъу мэхъур, Краснэ Армиям ихужу отступать зыщI абы и дзэхэр ихъумэкIэрэ икIи болгарскэ щIыгум деж къаувыIэпIэ щариткIэрэ, аргуэру Германиям закъыпэщIисэным щхьэкIэ щIыгум дежи, тендзызым дежи антигитлеровскэ коалициям и къарухэм.

Советскэ Правительствэм нэгъуэщI уасэ хуищIкъым Болгариям и абхуэдэ политикэм фактическэкIэ Германиям и лагерым щIэту Советскэ Союзым къезэуэныгъэ мыхъумэ, Германиям и зауэ Iуэхур къыщигъащIэ щымэIэу ей хъуауэ щыт пэтмикI икIи Германиям щымышынэжу Болгариер щытыкIэ лъэпкъ Германиям хуимыIэжыну икIи абыкIэрэ къэралыр кIуэдыныгъэм щихъумэну Болгариям лъэкIыпыгъуэ цорикI иIэу щыт пэтмикI—иджы абхуэдэ политикэ ирагъэкIуэкIкъым.

Абы къыхэкIкIэрэ, Советскэ Правительствэм къилъытэжкъым ди япэкIэ Болгариям щытыкIэ хуиIэжу, Болгариям сыт хуэдэ щытыкIэ хуиIамикI зэпетхъыр, икIи жеIэр Болгарию къудейр амырауэ Советскэ Союзым къезауэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ипэкIи ар пэж дыду СССР-м къезауэу щытащ, атIэ иджы къыщыщIэдзауэ Советскэ СоюзрикI езэуэну Болгариям.

Москва сентябрым и 5-м 1944 гъэм, пщыхьэщхьэр сыхьэти 7-м“.

Г-н И. Стаменов жиIащ пIалъэ имыIэу и правительствэр щыгъуазэ ищIыну Советскэ Правительствэм и Нотэм.

СССР-м и Наркоминделым деж пресс-конференция

Сентябрым и 5-м, пщыхьэщхьэм сыхьэти 8-м СССР-м и Наркоминделым деж щекIуэкIащ пресс-конференция. Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Народнэ Комиссар В. М. Молотов нэIуасэ хуищIащ Советскэ печатымрэ хамэ къэрал печатымрэ я представительхэр сентябрым и 5-м Советскэ Правительствэм СССР-м щыIэ болгарскэ лIыкIуэ г. Стаменов Iэралъхьа нотэм.

Товарищ Молотов иритыжащ журналистхэм къата упщIэхэм я жэуапыр.

Советскэ Правительствэм мы и нотэр Великобританиям и правительствэмрэ США-м я правительствэмрэ щыгъуазэ жэуэ Юнайтед Пресс агентствэм и корреспондентыр зыщIэупщIам и жэуапу, товарищ Молотов иритыжащ, болгарскэ лIыкIуэм нотэр ирамыт щIыкIэ щыгъуазэ ищIахэу британскэ лIыкIуэ г. Керрэ американскэ лIыкIуэ г. Гарриманрэ.

Американскэ национальнэ радиовещательнэ компаниям и корреспондент г-н Маглдов щIэупщIащ даурэ зэрекIуэкIыр СССР-мрэ Финляндиямрэ зэпсэлъэныгъэр жиIэри.

Товарищ В. М. Молотов жэуапу иритыжащ, зэпсэлъэныгъэм иджырикI щIамыдзауэ, ауэ поплъэу псынщIу СССР-м къэкIуэныгъэм финскэ делегациер „Финляндиям и правительствэмп, зыхуэфэщэну лъэIур жиIащ тов. Молотов къытIэрыхьащ, хуэфэщэну жэуап иратыжащ. Советскэ правительствэм хуит ищIащ финскэ делегациер Москва къэкIуэну“.

Советскэ-финскэ зэхущытыкIэм щхьэкIэ

1. Сентябрым и 4-м жэщым финскэ Правительствэм радиокIэ заявление ищIащ, Финляндиям ищтауэ Советскэ Правительствэм зэ щхьэкIэ игъэува условияхэр Германиям щытыкIэ лъэпкъ хуамыIэжыну икIи сентябрым и 15-м икIэ къэмысу германскэ дзэхэр Финляндиям ирашыжыныгъэмкIэ.

2. Советскэ Правительствэм зэ щхьэкIэ игъэува условиехэр зэращтэм щхьэкIэ заявление щащIым щыгъуэ, финскэ военнэ Главнокомандованием жиIащ финскэ дзэхэр здыIут дэтхэнэ зы участкэм дежикI сентябрым и 4-м сыхьэти 8-м деж зауэр щагъэтыжу.

3. Финскэ Правительствэм Советскэ Правительстэм зэ щхьэкIэ игъэува условияхэр зэрищтам къыхэкIкIэ, Советскэ Верховнэ Командованием приказ итащ финскэ дзэхэр здыщыIэ участкэм деж сентябрым и 5-м сыхьэт и 8-м деж зауэр щагъэтыжыну.

Болгариям и щытыкIэр.

СТАМБУЛ, сентябрым и 5 м. (ТАСС). София къызэрыратыкIымкIэ, германскэ дзэхэр румыниям йокIыжхэр Iэщэ псынщIэхэр ящIыгъухэу. Абыхэм Болгариям и щIымкIэ отступать ящIхэр. Дзэхэр гъущIгъуэгу, шоссэ гъуэгухэмкIэ Iуашхэр. Германскэ штабхэу, София районым деж щыIэхэр къонэхэр.

Августым и 31-м София къэкIуащ германскэ дзэ куэд артиллерия псынщIэ ягъусу. Ахэр щIагъэтIысхьахэщ абыхэм щхьэкIэ ягъэхьэзыра унэхэм.

Румыниям Германиям и лIыкIуэу щыIэу щыта Киллингер зиукIыжащ.

БУХАРЕСТ, сентябрым и 5-м. (ТАСС). Румынскэ теллеграфнэ агентствэм къетыр, Германиям и лIыкIуэу Бухарест щыIэу щыта Килленгерэ абы и секретарь Петерсенрэ зауэкIыжахэу.

Самолет—снарядхэр Париж и щхьэм

ЛОНДОН, сентябрым и 3 м. (ТАСС). Рейтер агентствэм къызэритымкIэ, немецхэм нэхъапэ ПарижкIэ яутIыпща самолет—снарядхэр, сентябрым и 2-м екIурэхахэщ Сена бассейным деж. Зэраныгъэ гуэрхэр ярихащ. УкIыгъэ щыIэщ.

Союзникхэм я дзэхэр Бельгиям и щIым зэрихьамкIэ

ЛОНДОН, сентябрым и 8-м. (ТАСС). Министерствэм и английскэ информациям къызэритымкIэ, 1-рей американскэ армиям и частхэр, Бельгиям и щIым ихьахэм, Мобеж деж франко-бельгийскэ границэр зэпаупщIащ сентябрым и 2-м. Брюссель миль 45-рэкIэ нэхъ пэмыжыжьэ Турнэ дежикI границэр зэпаупщIащ.

ЗападымкIэ щекIуэкI зауэр

ЛОНДОН, сентябрым и 6-м. (ТАСС). Брюссель-Антверпен (Бельгия) секторым деж союзникхэм я дзэхэм сентябрым и 5 м ирагъэкIуэкIащ зауэ а щIыпIэм бийр ирагъэкъэбзыкIыныгъэмкIэ. КъухьэпIаIуэмкIэ союзникхэр нэсахэщ Гент. Хуит къащIыжащ Шарлеруа, Намюр.

Голландиям, Западнэ Германиям бийм щиIэ зауэ объектхэм союзникхэм я авиациер теуащ. Сентябрым и 5-м немецкэ самолети 171 якъутащ.

Италиям зауэ хьэлъэ щокIуэкIыр Карпан городым и хъуреягъыхэкIэ икIи кIуэцIмикI. Союзникх... тащ город Альтонам... никхэм я патрульх... Лукка (Флоренция и... къухьэпIэIуэкIэ) дых...

Францием союзн... дзэхэр Сена псымрэ... рия границэмрэ я... псынщIу мэкIуатэхэр. ...канскэ дзэхэм къащта... щIгъуэгу зэхыхьэпIэ... Лон-Ле-Соньерэ. Фр... дзэхэм къащтахэщ Левиллар икIи Ша... Сон игъунэгъу мэхъу...

Советскэ Союзым Болгариям зауэ зэрыриищIылIам щхьэкIэ английскэ печатым

ЛОНДОН, сентябрым и 6-м. (ТАСС). Рейтер агентствэм и дипломатическэ обозреватель Рендол Нил къегъэлъагъуэр Советскэ Союзым Болгариям зауэ ирищIылIэныгъэр, английскэ правительствэмикI ищIэу щытыр, мыхьэнэшхуэ зиIэ актщ. Болгариям зэригъакIуэ хьелэхэм кIэ хуэхъуащ Болгариям Германиям щытыкIэ лъэпкъ хуиIэжын хуейкъым, германскэ дзэхэм Iэщэр къаIихын хуейщ икIи абы иубыда щIыгухэр иритыжын хуейщ.

„Таймс“, „Дейли телеграф“ газетхэм я обозревательхэм куэду екIуу къалъыт... ветскэ Союзым и... ер Болгариям зауэ... лIэныгъэмкIэ.

„Дейли телеграф э... нинг пост“ газетым... матическэ обозревате... хыр Россиям Болгари... ирищIылIэныгъэр ку... кIур икIи ар къызха... гариям и Iэтащхьэ... Багрянов иригъэкIуэ... тикэ мыхъумыщIэра... Болгариям жиIэжын ху... „зауэм хэмыту“, псо... дэжу Болгарияр Гер... дыIэпыкъуу щыщыта...

Пожарнэ командэм зыри ящIэкъ...

Куэш-Хьэблэ. Мы къуажэм дэт пожарнэ командэм зыри ящIэкъым. КолхозитIми деж комбайнхэр здэIуэхэм нафIэс къэхъумэ зэрагъэункIыфIыну противо-пожарнэ Iэмэпсымэхэр я хьэмхэм яIэкъым. Горючэр здэщыт щIыпIэр комбайным зэрыпэжыжьэр метри 10—15 къудейщ.

Абхуэду ар зэрыщытыр ецIыхур пожарнэ командэм и начальник Дышековым. Пожарнэ командэр губгъ... кIыу хьэмхэм плъэкъ... дэкIыным щхьэкIэ къу... вэкъалэ лъабжьэхэм... щысхэщ.

А ныкъусаныгъэхэр... кIэ ямыIэжу колхоз... зыхуэныкъуэну псори... зэрагъэпэщыя хуейщ. ...нэ командэм и началь... шековым хьэмхэм деж... во-пожарнэ Iэмэпсымэ... зэригъэпэщын хуейщ.

Ответ. редактор М. С...

ЧЕРКЕССКЭ

Государственнэ учительскэ институт...

1944—45 еджэгъуэ илъэсхэм студент ищтэныгъэм щI...

Факультетхэу: а) урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ;
б) физикэрэ математикэрэкIэ.

Институтым егъэхьэзырыр курыт еджапIэхэмрэ курыт ... еджапIэхэмрэ я классн 5—7 я егъэджакIуэ. Зэреджэну ... илъэситIщ.

Институтым ящтэхэр: а) 1-рей курсым—курыт еджапIэхэм и ... си 9—10 къэзухахэмрэ, абхуэдэ къыбзу педучилище, техни... я курситI къэзухахэмрэ; б) II-рей курсым (физмат)—педагог... учительскэ институтхэм я физикэ-математическэ факульт... 1-рей курсыр къэзухахэр.

Институтым щIыхьэхэм, курыт еджапIэхэр отличнэу къэзуха... хъумэ, псомикI мы къэкIуэну предметхэмкIэ къеупщI...
а) бзэмрэ литературэмкIэ факультетым хыхь...
1) урысыбзэмкIэ (писменнэу икIи устн...
2) литературэмкIэ (устнэу);
3) СССР-м и народхэм я историямкIэ;
4) СССР-м и КонституциямкIэ.
б) Физикэрэ математикэрэ факультетым хыхьэ...
1) урысыбзэмкIэ (письменнэу икIи устнэу);
2) математикэмкIэ (письменнэу икIи устнэу);
3) физикэмкIэ (устнэу);
4) СССР-м и КонституциямкIэ.

Институтыр кадрэфIхэмкIэ, кабинетхэмрэ лабор... пащащ. Институтым иIащ библиотекэ, общежитие, стол...
КъыкIэрымыхуу еджэ студентхэм псомикI стипенди...
Зэрырагъэджэм и пщIэу илъэсым сом 300 ат...
ПщIэншу ирагъаджэхэр военнэслужащэхэм я быхэмрэ ... эвеннэ пособие зэратхэм я бынхэмрэ.
Заявлением документхэр щIыгъужу (автобиография кIэщI, ... гъэу иIэмкIэ документ, военнэ абязанносту щытмэ ... справкэ, фотокарточки 3)—сентябрым и 1-м нэсыху... Ящтэнухэм къайупщIынущ сентябрым и 1-м къыщыщI... 20-м нэсыхункIэ.
занятием щIадзэр октябрым и 1-м.
Институтым и адресыр: г. Черкесск, Горькэм и урам № 32, учительск...